

Bible lessons. **Lesson 50 JETHRO ADVISED MOSES**

Exodus 18:1-27

Memory verse: **“The ears that hear the rebukes of life will abide among the wise.”**

Prov. 15:31

YETIRO AHANURA MOSE

Icirwa ca 79

Kuvayo 18:1-27

Ijambo ngenderwako : « **Utega ugutwi ngo yumve guhanurwa kumushitsa ku bugingo.** » Imig. 15:31.

I. Yetiro asanga Mose mu bugararwa.

Iki gihe Abisirayeli bari mu bugararwa bayobowe na Mose na Aroni. Ariko yari arushye cane kubera ibikorwa vyinshi yakora wenyene. Yakoresha inguvu nyishi abandi biruhukiye mu mahema. Yesu n’abigishwa baraduda k’umusozi kuruhuka. **Marik. 6:31.** « *Arababwira ati : Ni muze mwebwe mwenyene ahiherereye muruhuke gataya* »

Kubera ibikorwa vyinshi, Mose ntiyashoboye kuronka akanya ko gusubira i Midiyani gutora umuryango wiwe. Sebukwe Yetiro umuherezi i Midiane, bimutera amakenga. Avayo abasanga mu bugararwa amuzaniye umugore wiwe n’abana. Mose avyumvise, yarabangutse kubasanganira no kubahobera. Aranezererwa.

II. Yetiro atera intege Mose.

-Bageze mw’ihema, batangura ibiyago. Bari bazinanye cane kuko babanye imyaka mirongo ine. Mose aramuyagira ivyo Imana yabakoreye. Yoba yarabajije sebukwe amakuru ya inabukwe na baramuwe. Sebukwe nawe biraboneka ko yamubajije uko igikorwa yahawe kiriko kiragenda. Mose yaramwishuye ati : « vyose biriko bigenda neza » aranezererwa aca aja no gutanga ibimazi ku Mana ya Mose yabakoreye ibikomeye.

Sebukwe anezerewe, amutera intege. Umuyobozi canke umuvyeyi mwiza atera intege abo bakorana ibikorwa. Haraho usanga mu rugo umugore n’umugabo babayeho arabwo gucana intege gusa. Ico umwe agira akore uwundi akamuca intege amwereka ko atavyo azoshobora. Muri ico gihe, nta mugambi n’umwe wigera utera imbere. No mugikorwa c’Imana birasaba ko umurongozi ashimira umuntu abonye akoze neza. naho yokoresha amajambo meza, biranezereza.

III. Yetiro abona ibitagenda neza.

Soma **Umur wa 14**. Yaritegereje umukwe wiwe, arabona ko aruha cane, kandi Imana ntiyaje kubimukebura. Iyi nteguro ntiyotumye Mose ashobora uburongozi. Turabona ingorane yariko ahura nazo:

1. Mose yacira imanza zose Abisirayeli barenga imiliyoni zibiri ari umwe kuva mu mutwenzi gushika k'umugoroba. Izi manza zari nyishi. Abagore bashwanira mu mahema. Yataha yananiwe ntiyoroze akanya ko kuyaga n'umugore n'abana ngo bafate akanya ko kuja kwinezereza. Ntiyamenya iyo umugore nivyo yiriwemwo canke abana. Urugo niryo shengero ryo kuntango. Uwudashoboye gutnganya urugo rwowe neza, ntakagirwe umuyobozi w'ishengero canke w'igisata na kimwe mw'ishengero.

Mose yabwiye sebukwe ko bamukenera. Birumvikana ariko, yategerezwa kwibaza ati : ndabikore gute ?

2. Se bukwe aramubwira ati : « Ivyo **ukora si vyiza** » **umur wa 17** Mose yoba yaciye ahaguruka ku ntebe ati : « Nakubwiye ko ari igikorwa canje. Ereza abantu baza kuri jewe ngo ndabacire imanza ! » Aramwishura ati erega barababaye kuko birirwa batanze umurongo kuva mu mutwenzi gushika k'umugoroba bakurindiriye. Iki gikorwa ni kinini ntiwobikora wenyene.

IV. Impanuro Yetiro yahaye Mose.

1. **Gusenga** *None rero nyumvira ndakugire inama, Imana iyigufashemwo.* **Umur. wa 19.** Impanuro yambere yamuhaye ni iyo **gusenga** Imana ikaba ariyo murongozi. Umurongozi w'ishengero canke uwigisata icarico cose mw'ishengero adasenga, ntashobora kuroranirwa mu mirimo. Nico kimwe n'umugabo n'umugore badasenga.

2. **Kwigisha** « *Ube ari wewe ubigisha amabwirizwa n'ivyagezwe, no kubereka inzira bakwiye gucamwo, n'ibikorwa bakwiye gukora* » **Umur. wa 20**
Igihe abanyeshengero batigishijwe ic'Imana ibagombako n'ivyizerwa vy'ishengero, bahora bajuragira umwe wese agakora ico yigombeye. Ibi bigatera amatati ya misi yose. Abavyeyi nabo nyene nico kimwe. Abanyarugo bateretswe ico kubaha no gukurikiza, baba abatagira urutonde.

3. **Gukuza abandi** (Urutonde) Yetiro asaba Mose gukuza abantu beza batarya ibiturire akabagabanganiriza ibikorwa. **Umur wa 21** : Aha birasaba ko mu bikorwa hose habaho kwereka umwe wese ico ashoboye kandi ajejwe.

Urutonde mu mirimo no mu ngo z'abakijijwe. Iyo urutonde rubuze haba akajagari ; satani akaba yinjiye, ivyaha bigakurikira.

V. Gushira mu ngiro.

Umur wa 23-24. « ***Nuko niwabigenza utyo, Imana ikabikwemerera, bizogushobokera., Nuko Mose yumvira sebukwe akora ivyo yamubariye vyose.***

Mu mirimo y'Imana canke mu buzima bwawe, niwabigeza utryo bizogushobokera. Tega ugutwi wumvire impanuro bizogushitsa m'ubugingo.

« ***Utega ugutwi ngo yumve guhanurwa kumushitsa ku bugingo.*** ».

Umuhanuzi mukuru ni Bibiliya. Niba woba waraciye kubiri nivyo, wohaguruka ugasenga. Imana iraguha kuroranirwa. Uzoshika m'ubugingo niyo ntsinzi yawe.